УДК 811.35
DOI: 10.31007/2306-5826-2020-1-44-93-98

# АДЫГЭ (КЪЭБЭРДЕЙ-ШЭРДЖЭС) ЛИТЕРАТУРЭБЗЭМ И МАКЪЗЕШЭХЭМ Я СИСТЕМЭР

**Абазэ Маритэ Мухьэмэд ипхъу**, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и филиалым и адыгэбзэ секторым и лэжьакIуэ нэхъыжь, marita.abazova@yandex.ru

Лэжьыгъэр теухуащ адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэбзэм и макъзешэхэм я фонологие системэр зыхуэдэр гъэнэхуэным. Ди статьям япэ дыдэу БищIо Б.Ч. (ф.щI.д.) адыгэбзэкIэ зэридзэкIа бзэщIэныгъэм ехьэлIа фIэщыгъэцIэхэр (терминхэр) къэдгъэсэбэпурэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и макъзешэхэм я системэр щыдгъэнэIуащ. Адыгэбзэ макъзешэхэр джыным бзэщIэныгъэлIхэм мызэ-мытIэу зыхуагъэзащ. Абыхэм я еплъыкIэ зэхуэмыдэхэр тегъэщIапIэ тщIыуэрэ, ахэр зэдгъапщэурэ, макъзешэхэм я системэр зэрызэфIэувар зэхэдгъэкIащ. Зэгъэпщэныгъэ, къэхутэныгъэ Iэмалхэр къэдгъэсэбэпащ. Къыхэдгъэщащ макъзешэхэм я бжыгъэр зыхуэдизым теухуауэ щIэныгъэлIхэм я IуэхуеплъкIэ зэхуэмыдэхэр; иджырей адыгэбзэм макъзешэхэм я системэр зэрызэфIэувар, ахэр гуэша зэрыхъур (таблицэм) лъырым щыдгъэнэIуащ. Мы статьям нэIурыт ещI адрей бзэхэм къащхьэщыкIыу адыгэбзэм фонемэзешэу мащIэ дыдэ фIэкIа зэримыIэр. Ахэм псалъэкуми псалъэкIэми дыщрохьэлIэ. Къэбэрдей-шэрджэс литературэбзэм макъзешэхэр тIууэ гуэша щохъу: макъзешэ кIэщIрэ макъзешэ укъуэдиярэ.

**Зэрыгъуэзэн псалъэхэр**: адыгэбзэ, къэбэрдей-шэрджэсыбзэ, фонемэ, макъзешэ, системэ.

Адыгэбзэр кууэ джын щыщIадзар совет властым и лъэхъэнэрщ. Абы ипэкIэ адыгэбзэм иIэ макъхэр, псалъэ лъэпкъыгъуэхэр нэхъ зыубгъуауэ япэ дыдэ щызэпкърыхар Л. Г. Лопатинскэм и лэжьыгъэхэрщ [Лопатинский 1891]. Къэбэрдей-шэрджэс бзэщIэныгъэм зиужьыным, ар егъэфIэкIуэным елэжьащ щIэныгъэлIхэу Яковлев Н.Ф. [Яковлев, 1923], Турчанинов Г.Ф., Цагъуэ М.Б. [Турчанинов, Цагов 1940], Нэгумэ Ш.Б. [Ногма, 1959], Балъкъэр Б.Хь. [Балкаров 1970], Урыс Хь.Щ. [Урыс 2000, 2001], Къумахуэ М. I. [Кумахов 1981], Шагъыр I.Къ. [Шагиров 2004], Тау Хь.Т. [Тау, Урыс 2008], н. Абыхэм адыгэбзэм и макъхэр зыхуэдэр, ахэр къызэрыхъуа щIыкIэхэр, абыхэм я бжыгъэм теухуауэ я еплъыкIэр къагъэлъэгъуащ. Зи гугъу тщIа щIэныгъэлIхэм я лэжьыгъэхэм къыпытщэу мы статьям къалэн нэхъыщхьэу щызыхуэдгъэувыжар иджырей адыгэбзэм и макъзешэхэм я бжыгъэр, ахэр зэригуэшыр, къыщикI Iыхьэрэ, зэрызиIэтымрэ елъытауэ зыхуэдэхэр, бзэщIэныгъэм ехьэлIа фIэщыгъэцIэ БищIо Б.Ч. зэридзэкIахэр къэдгъэсэбэпурэ, дубзыхунырщ. Къыхэгъэщыпхъэщ, адыгэбзэкIэ тхауэ щыIэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэм терминхэр (фIэщыгъэцIэхэр) урысыбзэм е латиныбзэм къыхэкIахэр тегъэщIапIэ зэращIар. Дэтхэнэ бзэри джыныр къыщыщIадзэр абы и макъхэрщ, ахэр къызэрагъэлъагъуэ хьэрфхэрщ, абы ипкъ иткIэ ахэр зыхуэдэр адыгэбзэ терминхэмкIэ (фIэщыгъэцIэхэмкIэ) къэтIуэтэфу щытыныр, ахэр адыгэ бзэщIэныгъэм хэпщэныр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ.

## МАКЪЗЕШЭХЭМ Я ТХЫДЭ

ЩIэныгъэрылажьэхэм макъзешэ *э, ы, а*-хэр бзэм нэхъапэ къыхэхъукIауэ къалъытэ. Нэгумэ Ш. Б. адыгэбзэм и фонетикэ системэм макъхэр щыуэ щиугуэшт: макъзешэ, макъ дэкIуашэ, макъзешэныкъуэхэр. Ауэ сыт хуэдэ макъхэр дэтхэнэ гупым хыхьэми зэхэгъэкIауэ щыткъым, макъзешэхэр кърыгъэлъагъуэу графемэ *а, о, е, ы, у, ю, і* къигъэсэбэпт. Псалъэм папщIэ, фонемэ *ы, у*-хэр Нэгумэм графемэ *и, у, ы*-хэмкIэ къегъэлагъуэ: ***ши –шы, физ-фыз***, н. [Ногма 1959]. Л.Г. Лопатинскэм адыгэбзэм и макъзешэхэр 18 хъууэ къыжеIэ, ахэм щыщу *а, и, о, е, э, ы* –хэр макъзешэ къызэрыкIуэу (простые гласные), адрейхэр – макъзешэ зэхэту (сложные гласные) [Кумахов 1981: 41]. Борыкъуей ТI. и еплъыкIэр адрей щIэныгъэлIхэм къащхьэщокI: Лопатинскэмрэ Яковлевымрэ адыгэбзэм и макъзешэхэр кIэщIрэ укъуэдияуэ зэраугуэшыр фIэмытэмэму абы езым и гуэшыкIэщIэ къегъэлъагъуэ: макъзешэ пхъашэрэ (*а, о, ы, и*) макъзешэ щабэу (*э, и*). Языныкъуэ щIэныгъэлIхэми апхуэдэ гуэшыкIэр даIыгъащ. Борыкъуей ТI. и еплъыкIэмкIэ адыгэбзэм макъзешэу 6 иIэщ: *а, е, ы, о, и, у* [Борукаев 1932: 6].

БзэщIэныгъэлI Н.Ф. Яковлевым 1923 гъэм къыдигъэкIащ адыгэбзэ фонетикэм и зэхэтыкIэр щыгъэнэIуа «Адыгэ фонетикэм и таблицэ»-р [Яковлев 1923]. Н.Ф. Яковлевым пасэрей адыгэбзэм макъзешэу иIар э закъуэр арауэ, ауэ нэхъ иужьыIуэкIэ адыгэбзэм макъзешэу щы: *э, ы, а* – хэр иIэ хъуауэ къыжеIэ. Абы и Iуэху еплъыкIэр диIыгъащ Къумахуэ М.I. икIи къигъэлъэгъуащ адыгэбзэр бзитIу щызэщхьэщымыкIам щыгъуэ макъзешэхэр зыхуэдар, абыхэм я бжыгъэр, икIи ар адрей къухьэпIэ-кавказ бзэхэм я макъзешэхэм я бжыгъэм зэрахущытыр. «1973 гъэм къыхэдгъэщауэ щытащ пасэрей адыгэбзэм макъзешэхэр щы щыхъуу, къухьэпIэ-кавказ бзэхэм я макъзешэхэр тIу хъууэ зэрыщытар. А щытыкIэм ипкъ иткIэ адыгэзэдаибзэм (бзэ щхьэхуэ-щхьэхуэу щызэхэмыкIам) иIащ макъзешэ *а, э, ы* –хэр», – жеIэ Къумахуэ М.А. [Кумахов 1973]. Адыгэзэдаибзэм макъзешэхэр щы зэрыщыхъумкIэ тегъэщIапIэ ящIыр адыгэ диалект псоми дызыщрихьэлIэ лексикэ материалхэм зи гугъу тщIы макъзешэхэр къызэрыщыкIуэрщ. Псалъэм папщIэ, къэб. *махуэ*, адыг. *мафэ*, адыг., къэб. *матхэ*, адыг., къэб. *нэ*, адыг., къэб. *бзэ*, адыг., къэб. *гуы*, адыг., къэб. *блы*, н.

Макъзешэ *е, и, о, у*-хэм макъзешэ мыхьэнэ щагъуэтар 1936 гъэращ, адыгэ тхыпкъылъэр (алфавитыр) урыс графикэм щытеува зэманырщ. Ахэр макъзешитI зэхэлъхэм (дифтонгхэм) къатекIащ: *е ← э+й, и ← ы+й, о ← у+э, у←ы+у*.

Тхыпкъ (буква) *е, и, о, у* –хэм апхуэдэ макъзешэ къыщагъэлъагъуэр макъ дэкIуашэм и ужькIэ щыщытым дежщ: ***мес, тет, дерт, мис, тритхащ, дилъхьащ, нобэ, нокIуэ, дотх***, н. Тхыпкъ *е, у*-хэр псалъапэм, макъзешэм и ужькIэ къыщыкIуэм деж макъзешэкъым (***гъае, мае, фае, уае*** – **е**-р макъзешитIу зэхэлъщ; ***арыншауэ, дэуэршэрын, белджылыуэ*** – **у**-р макъ дэкIуашэщ). Псалъэпэм тхыпкъ/макъзешэм иужькIэ **о** къакIуэркъым, ятхыркъым. Макъзешэ **и**-р тхыпкъ/макъзешэм иужькIэ макъзешэу къокIуэ, псалъэзэпыщIэ-лъабжьэужьу щыту: *плъэи, мобыи, къакIуэри, кIуэи,* н.

БзэщIэныгъэлI Тау Хь.Т. къызэрилъытэмкIэ, «адыгэбзэм и макъзешэхэр 3 мэхъу: *а, э, ы*. А макъзешищыр адыгеибзэми иIэщ. Хьэрф *е, и, у, о*-хэм къагъэлъагъуэр макъзешэкъым, атIэ дифтонгщ: *етх –**йэ**тх, ин – **йы**н, йумыт – **йыу**мыт, н.*» [Тау 2008: 11–12].

*Иджырей макъзешэхэм я системэ*

*Макъзешэхэр псалъэм къыщыкIуэ щIыпIэхэр*

Адыгэ литературэбзэм и макъзешэхэр блы мэхъу: *э, ы, а, е, и, у, о*.

Иджырей адыгэбзэм макъзешэ *а, э, ы*-хэр псалъэпэми, псалъэкуми, псалъэкIэми къыщокIуэ. Макъзешэ **э**-р псалъэпэм нэхъ мащIэрэщ къызэрыщыкIуэр, пычыгъуэ мэхъу, пасэрей лъабжьэпэуи къалъытэ. Псалъэм папщIэ: ***э**-дыгэ, **э**-нэ, **э**-дэ.* Пэжырытхэ хабзэм мыхэр **а**-уэ тхын хуейуэ къегъэув: ***а**-дыгэ, **а**-нэ, **а**-дэ.*

Псалъэкум хэт **э**-р лъабжьитI зэхыхьам щыщу япэ итым щыщщ, яужь ит псалъэ лъабжьэм макъзешэ **ы**-р пыхури зы пычыгъуэ зэхуэщIа къэхъуауэ **э**-р абы хэтщ: *мэш**ы** → мэш, бэдж**ы** → бэдж, мэз**ы** → мэз, джэд**ы** → джэд.*

Макъзешэ **э**-р пычыгъуэм и кIэми (*сэ, дэ, нэ, пэ, гъуэ*), е лъабжьитI зэпыувам и псалъэкIэми поувэ (*къамэ, дамэ, хадэ, напэ, дагъэ, набдзэ,* н.).

Макъзешэ **ы**-р псалъэ-пычыгъуэм и кIэм къыщокIуэ, псалъэм папщIэ: *в**ы**, щ**ы**, дз**ы**, къу**ы**, пс**ы**, д**ы**, дж**ы**, фI**ы**, бжь**ы**,* н.

Псалъэ лъабжьитIу зэхыхьауэ, ауэ иджыреибзэм щыпхуэмыгуэшыжхэм япэ лъабжьэм хэту, етIуанэм пыхуауэ къокIуэ макъзешэ **ы**-р: *бжьын**ы** → бжь**ы**н, дз**ы**гъуэ, бжь**ы**пэ, д**ы**гъэ, хыв**ы** → х**ы**в, б**ы**дэ, нэр**ы**бгэ,* н. Пэжырытхэ хабзэм ипкъ иткIэ **у**-мрэ **у** зыхэт адрей тхыпкъхэмрэ я ужь къапсэлъ **ы**-р ятхыркъым: *гу(**ы**)щIэ, хъу(**ы**)н, Iу(**ы**)нэ*, н.

Макъзешэ **ы**-р пычыгъуитI хъу псалъэ закъуэтIакъуэм я кIэм къыщокIуэ: *аб**ы**, мыб**ы**, моб**ы**, ез**ы**, йыдж**ы**, къад**ы**.*

Псалъэпэм макъзешэ **ы**-м мащIэрэщ дызэрыщыхуэзэр (***ы**Iы, **ы**хьы, **ы**-ы*).

Макъзешэ **а**-р псалъэпэм къыщыкIуэркъым, макъыцIэ зыбжанэм фIэкIа: ***а**-а, **а**Iэ.* Адыгэ псалъэпкъым и кIэми ятхыркъым. НэгъуэщIыбзэм къыхэкIыу адыгэбзэм къыхыхьа псалъэхэм яхэтщ **а**-кIэ иух псалъэпкъ *хьэу**а***, макъыцIэ ***а**нна-**а***, н.

Макъзешэ **а**-р псалъэпэми псалъэкуми къыщокIуэ блэкIа зэманым и лъабжьэгъусэу: *сыкIу-**а**-щ, слъэгъу-**а**-щ, ж-**а**, щыI-**а**, лъэт-**а**, къэкIу-**а**-къым, сыкъызэдж-**а**,* н.

Адыгэбзэм псалъэкум къыщокIуэ ещанэ щхьэм и лъабжьэпэ-макъзешэ **а**-р: *й-**а**-джащ, й-**а**-тхащ, й-**а**-дащ, къ-**а**-хь, къ-**а**-псэлъ,* н.

Лъабжьэпэ **на-**, **къа-**, **ма**-хэм (текъузэ зытелъхэм) я увыпIэр: ***на**-жэ, **къа**-жэ, **ма**-жэ.* Текъузэ зытелъ **а**-р псалъэпкъым и кум къыщокIуэ: *м**á**зэ* (ауэ къызэрапсэлъыр *мэзэ'хэ*), *д**á**хэ* (ауэ *дэхэ'шхуэ*), *х**á**дэ* (ауэ *хэдэ'шхуэ*), *щI**á**лэ* (*щIэлэ'щIэ*), *ун**á**гъуэ* (ауэ *унэгъуэ'щIэ*), н.

Макъзешэ **а**-р макъ дэкIуашэкIэ иух псалъэм, нэгъуэщIыбзэм къыхэкIа псалъэхэм текъузэ телъуи темылъуи псалъэкум къыщокIуэ: *мард**э**, зэм**а**н, саб**ы**н, Iэм**а**л, м**а**къ, д**а**къэ, къ**а**з, чыт**а**п,* н.

## *Макъзешэхэр зыхуэдэр*

Макъзешэхэр къыщыхъу щIыпIэ икIи къызэрыхъу щIыкIэ елъытауэ зэщхьэщокI.

Къыщыхъу щIыпIэм елъытауэ:

- *бзэгупэм* къыщыхъу: ***е;***
- *бзэгукум* къыщыхъухэр: ***э, ы;***
- *бзэгу лъэдакъэм* къыщыхъухэр: ***а, о, у***.

Къызэрыхъу щIыкIэм елъытауэ:

- *бзэгукум лъагэу зиIэту*: ***и, у;***
- *ику иту зиIэту*: ***е, ы, о;***
- *зимыIэту е лъахъшэу зиIэту*: ***э, а***.

Макъзешэхэр къыщыхъукIэ IупитIыр хъурей хъун-мыхъун елъытакIэ зэщхьэщокI.

Макъзешэ ***о, у***-хэр къыщапсэлъкIэ, IупитIыр хъурей хъууэ и пэмкIэ къыIуокI. Макъзешэ ***о, у***-хэм *IупщIэIуш* макъзешэкIэ йоджэ.

Макъзешэ ***э, ы, а, е, и***-хэр къыщапсэлъкIэ, IупитIыр хъурей хъууэ ипэкIэ IукIыркъым, абыхэм *IупщIэIумыш* макъзешэкIэ йоджэ.

## *Макъзешэ кIэщIхэр*

Макъзешэ ***э, ы***-хэм *макъзешэ кIэщIкIэ* йоджэ, ахэр букъуэдий зэрымыхъум къыхэкIкIэ.

Макъзешэ кIэщI **э**-р къыщапсэлъкIэ, бзэгупэм мащIэу зеIэт, макъыщI налъэхэр шэщIа мэхъури макъ ящIу мэкIэзыз, жьэр зэтехащ, ауэ макъзешэ ***а***-р къыщапсэлъым нэхърэ нэхъ мащIэу. Псалъэм папщIэ: *махуэ, бдзэжьей, жэм, къэщтэн, гуфIэгъуэ, н.*

Макъзешэ **ы**-р къыщапсэлъкIэ бзэгукум ику иту зеIэт, жьэр макъзешэ ***э***-р къыщапсэлъым нэхърэ нэхъ мащIэу зэтехащ. Псалъэм папщIэ: *нас**ы**п, зэр**ы**зехьэ, кI**ы**гуугу, м**ы**л, пс**ы**нщIэу, н.*

*Макъзешэ укъуэдияхэр*

**А** – бзэгу лъэдакъэ макъщ, къыщапсэлъкIэ бзэгум мащIэу зеIэт, жьэр ину зэтехащ, макъыщI налъэхэр шэщIауэ мэкIэзыз, макъ ящIу. ПсалъэкIэм **а**-р къыщыкIуэр IуэхуцIэ къыщыхъум дежщ: *тх**а**, плъэгъу**а**, л**а**, в**а**, гъу**а**,* н. Макъзешэ **а**-р псалъэм и кIэм къыщокIуэ зыгуэрым щыщIэупщIэм деж: *птх**а**?, плъэгъу**а**?, бдж**а**?, укъэкIу**а**?, унэс**а**?,* н.

Макъзешэ ***а***-р и щытыкIэкIэ тIууэ зэщхьэщокI – текъузэ щытемылъым деж зэм ***э***-м хуэкIуэу (макъзэблэхъу ***э//а***), зэм зимыхъуэжу, ***э***-м хуэмыкIуэу.

Текъузэ щытемылъыжым деж **э**-м хуэкIуэ **а**-м и щапхъэ: *пс**á**лъэ – псэлъ**á**лъэ, къу**á**жэ-къуэжэ'кIэ*, н. ПэжырытхэмкIэ мыхэр **а**-уэ ятх: *пс**а**лъ**а**лъэ, къу**а**жэкIэ,* н. Мыпхуэдэ ***а***-р морфемэм щыщщ, морфемэ хъуркъым.

Текъузэ щытемылъым дежи зызмыхъуэж ***а***-р езыр морфемэщ. Ар: 1) лэжьыгъэцIэ лъэIэсым 3-нэ щхьэм и куэд бжыгъэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэпэщ: *м-**á** -тхэ, й-**á**-дэ, къ-**á**-джащ*; 2) блэкIа зэман къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэужьщ: *дэкI**á**щ, нэкIу**á**щ, зэфIэкI**á**кIэщ*.

Макъзешэ ***а***-р текъузэ телъу нэхъыбэрэ псалъэкум къыщокIуэ. Псалъэм папщIэ: ***д**á**нэ, ху**á**бэ, н**á**пэ, с**á**бэ, т**á**фэ,*** н. Макъзешэ ***а***-р нэгъуэщIыбзэм къыхэкIыу адыгэбзэм къыхыхьа псалъэхэм къыщокIуэ, псалъэм папщIэ: *зэм**á**н, жэу**á**п, с**á**бын, л**á**гъым,* н.

**Е**- бзэгупэм ику иту зиIэту къапсэлъ, макъыщI налъэхэр шэщIауэ, макъ ящIу: *адр**е**й, гъ**е**й, къ**е**гулIын, л**е**й, м**е**л,* н.

**И**- бзэгупэм лъагэу зиIэту къапсэлъ, макъыщI налъэхэр шэщIауэ, макъ ящIу: *д**и**н, щ**и**ху, кI**и**ящ, литературэ, дэр**и**,* н.

**О**- бзэгу лъэдакъэм ику иту зиIэту къапсэлъ, макъыщI налъэхэр шэщIауэ, макъ ящIу. IупитIыр хъурей хъуауэ ипэмкIэ Iуша мэхъу: ***н**ó**бэ, пкъ**ó**, ху**ó**кIуэ, къ**ó**с, д**ó**кIуэ,*** н.

**У**- бзэгу лъэдакъэм лъагэу зиIэту къапсэлъ, макъыщI налъэхэр шэщIауэ, макъ ящIу. IупитIыр хъурей хъууэ ипэмкIэ Iуша мэхъу: *жьынд**у**, д**у**ней, къуалэбз**у**, т**у**мыдэ, м**у**рад,* н.

МАКЪЗЕШЭХЭМ Я ЛЪЫР (ТАБЛИЦЭ)

| **КъыщикI Iыхьэ** / **ЗэрызиIэтыр** | **Бзэгупэм** | **Бзэгукум** | **Бзэгу лъэдакъэм** |
|---|---|---|---|
| *Лъагэу зиIэту* | **и** | | **у** |
| *Ику иту зиIэту* | **е** | **ы** | **о** |
| *ЗимыIэту (е лъахъшэу зиIэту)* | | **э** | **а** |

КъызэщIэткъуэжмэ, нэрылъагъу мэхъу къэбэрдей-шэрджэсыбзэм макъзешэу иIэр мащIэ дыдэ фIэкIа зэрымыхъур. ИщхьэкIэ къызэрыщыдгъэлъэгъуащи

бзэщIэныгъэм елэжьахэм макъзешэхэм я бжыгъэм, ахэр зыхуэдэм теухуауэ я еплъыкIэхэр зэтехуэркъым. Языныкъуэхэм адыгэбзэм макъзешэу зы фIэкIа хэмыту къалъытэ, адрейхэм 7, 18 къыхэзыгъэкIаи яхэтщ.

Иджырей адыгэбзэм дэ макъзешэу блы къыхыдогъэкI (*э, ы, а, е, и, у, о*), ахэр гуэша мэхъу: къыщыхъу щIыпIэм елъытауэ: *бзэгупэм* (***е***)*, бзэгукум* (***э, ы***)*, бзэгу лъэдакъэм* (***а, о, у***); къызэрыхъу щIыкIэм елъытауэ: *бзэгукум лъагэу зиIэту* (***и, у***)*, ику иту зиIэту* (***е, ы, о***)*, зимыIэту е лъахъшэу зиIэту* (***э, а***). Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и макъзешэхэр къыщыхъукIэ IупитIыр хъурей хъун-мыхъун елъытакIи зэщхьэщокI. Языныкъуэ макъзешэхэм макъзешэ кIэщIкIэ йоджэ, адрейхэр – макъзешэ укъуэдиящ.

## Источники и литература


1. *АП* – Адыгэбзэ псалъалъэ. М.: Дигора, 1999. 860 н. (Словарь кабардино-черкесского языка. М.: Дигора, 1999. 860 с.).
2. *Балкаров Б.Х.* Фонетика адыгских языков. Нальчик: Эльбрус, 1970. 334 с.
3. *Бижоев Б.Ч., Кумыкова Д.М., Тимижев Х.Т.* Учебный русско-кабардино-черкесский словарь. Нальчик: Эльбрус, 2013.
4. *Борукаев Т.М.* Грамматика кабардино-черкесского языка. Нальчик, 1932. С. 6.
5. Кабардино-черкесский язык. В двух томах. Т. I. Гл. ред. М.А. Кумахов. Нальчик: Эль-фа, 2006. 548 с.
6. *Кумахов М.А.* Теория моновокализма и западнокавказские языки // Вопросы языкознания. М., 1973. № 6. С. 54–68.
7. *Кумахов М.А.* Сравнительно-историческая фонетика адыгских (черкесских) языков. М.: Наука, 1981. 288 с.
8. *Лопатинский Л.Г.* Краткая кабардинская грамматика. Русско-кабардинский словарь с указанием // В кн.: Сб. материалов для описания местностей и племен Кавказа. Вып. XII. Тифлис, 1881.
9. *Ногма Ш.Б.* Филологические труды. Т. II. Нальчик, 1959.
10. *Тау Хь.Т., Урыс Хь.Щ.* Адыгэхэм я бзэр зэлъытауэ. Налшык: КБИГИ, 2008. 159 н. (Таов Х.Т., Урусов Х.Ш. Язык адыгов в сравнении. Нальчик: изд. отдел КБИГИ, 2008. 159 с.).
11. *Турчанинов Г.Ф., Цагов М.Б.* Грамматика кабардинского языка. Москва–Ленинград: Изд-во АН СССР, 1940. 159 с.
12. *Урыс Хь.Щ.* Адыгэ грамматикэ. Фонетикэ, морфонемикэ, морфологие. Налшык: Эльбрус, 2001. 232 н. (Урусов Х.Ш. Кабардино-черкесская грамматика. Нальчик: Эльбрус, 2001. 232 с.).
13. *Урыс Хь.Щ.* Адыгэбзэм и тхыдэ. Налшык: Эльбрус, 2000. 358 н. (Урусов Х.Ш. История кабардинского языка. Нальчик: Эльбрус, 2000. 358 с.)
14. *Шагиров А.К.* Фонетика и морфология кабардинского языка. Нальчик: Эль-фа, 2004. 220 с.
15. *Яковлев Н.Ф.* Таблицы фонетики кабардинского языка. М., 1923.


## СИСТЕМА ГЛАСНЫХ КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОГО ЛИТЕРАТУРНОГО ЯЗЫКА

**Абазова Марита Мухамедовна**, кандидат филологических наук, старший научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка Института гуманитарных исследований – филиала Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук» (ИГИ КБНЦ РАН), marita.abazova@yandex.ru

Статья посвящена анализу системы гласных в современном кабардино-черкесском литературном языке. В данном исследовании осуществлён комплексный подход к оценке и систематизации широкого круга источников по сравнительно-исторической фонетике адыгских (черкесских) языков. В качестве источников выбраны труды ученых адыговедов, которые изучали те или иные аспекты адыгской фонетики. Для восстановления некоторых

фактов истории изучения адыгского вокализма, а также для определения закономерностей употребления гласных в кабардино-черкесском языке был использован комплекс методов и приемов: сравнительно-исторический, аналитический, описательный, сопоставительный. Выделена семичленная система вокализма. Отмечается, что в кабардино-черкесском языке гласные а, э, ы различаются в дистрибутивном плане, в то время как гласные е, и, о, у являются по своему происхождению гетерогенными. Впервые в научный оборот запущено значительное количество новых лингвистических терминов, образованных на собственной языковой базе, которые заменят заимствования из других, в основном из русского, языков. Автор – доктор филологических наук Б.Ч. Бижоев. Делается вывод, что фонологическая система вокализма кабардино-черкесского языка характеризуется своей простотой и малочисленностью входящих в его состав графических единиц. Продемонстрировано, что гласные кабардино-черкесского языка поддаются четкой классификации.

**Ключевые слова**: кабардино-черкесский язык, фонема, гласные звуки, вокализм, система.

## THE SYSTEM OF CONSONANTS OF THE KABARDINO-CHERKESS LITERARY LANGUAGE

**Abazova Marita Mukhamedovna**, Candidate of Philology, Senior Researcher of the Kabardino-Circassian Language Sector of the Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences» (IHR KBSC RAS), marita.abazova@yandex.ru

The article is devoted to the analysis of the vowel system in the modern Kabardino-Circassian literary language. This study provides a comprehensive approach to evaluating and systematizing a wide range of sources on the comparative historical phonetics of the Adyghe (Circassian) languages. As sources selected writings adigonidon who have studied various aspects of Circassian phonetics. To restore some facts of the history of the study of Adyghe vocalism, as well as to determine the patterns of their use in the Kabardino-Circassian language, a set of methods and techniques was used: comparative-historical, analytical, descriptive, and comparative. The seven-part system of vocalism is highlighted. It is noted that in the Kabardino-Circassian language, the vowels a, e, and y differ in distributional terms, while the vowels e, and, o, and y are heterogeneous in origin. For the first time, a significant number of new linguistic terms have been launched into scientific circulation, based on their own language base, which will replace borrowings from other languages, mainly Russian. The author is doctor of Philology B.Ch. Bizhoev. It is concluded that the phonological system of vocalism of the Kabardino-Circassian language is characterized by the simplicity of its system and the small number of graphic units that make up it. It is demonstrated that the vowels of the Kabardino-Circassian language can be clearly classified.

**Keywords**: Kabardino-Circassian language, phoneme, vowel sounds, vocalism, system.

DOI: 10.31007/2306-5826-2020-1-44-93-98